



Mary E. Skipper, Superintendent

8 Bonair Street · Somerville, MA 02145-3246  
[mkipper@k12.somerville.ma.us](mailto:mkipper@k12.somerville.ma.us) · [www.somerville.k12.ma.us](http://www.somerville.k12.ma.us)  
T 617-629-5200, x6005 · F 617-629-5611


10 Mas, 2020

Chè Fanmi ak Anplwaye SPS yo,

Nou ap kontinye kontwole sityasyon Coronavirus (COVID-19), k'ap travay an kolaborasyon ak ofisyèl depatman santé lokal ak lòt vil yo. Pandan ke ofisyèl sante eta endike ke risk nan Massachusetts la ba, nou vlé asire ou ke nou ap pran tout prekosyon ki nesèsè ak etap yo pou fèt rapid a nenpòt risk ki ka rive. Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) gen yon pwotokòl pou elèv / fanmi ki retounen sòti an vwayaj etranje kote Coronavirus pi prezan. Nou ankouraje ou vizite sit entènèt CDC ([www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html](http://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html)) regilyèman pou mizajou.

Vil Somerville la afiche souvan nouvèl COVID-19 sou sit entènèt la enfòmasyon sou Coronavirus yo ([www.somervillema.gov/coronavirus](http://www.somervillema.gov/coronavirus)). Tanpri tcheke sit entènèt la pou dènye mizajou yo. Nou ankouraje tou pou enskri pou Alèt Kominote Somerville [www.somervillema.gov/alerts](http://www.somervillema.gov/alerts) pou asire ke ou resevwa dènye enfòmasyon enpòtan yo voye nan sitèm Alèt yo.

Nou kreye yon paj sit entènèt la pou distrik la pou enfòmasyon Coronavirus la ([www.somerville.k12.ma.us/coronavirus-information-prevention](http://www.somerville.k12.ma.us/coronavirus-information-prevention)) kote nou pral afiche tout avi ki ale pou fanmi yo. Sit la gen ladann lyen ki menne n nan lòt sit enpòtan yo. Ou ka ale sou nouvo paj la apati paj akeyè distri nou an kòm youn nan sis kategori ki prezante yo (gade kapti ekran anba a).



## Prevansyon

- *Efò Kominotè:* Limité pwopaje maladi a nesèsite yon efò kominotè. Nou apresyè ou fè pati yon kominote pou pran tout prekosyon nesèsè epi pale avèk timoun yo sou etap prevansyon kritik yo tankou bonjan lave men yo.
- *Lave men:* Nou paka mete twòp aksan ase sou enpòtans lave men souvan ak bonjan savon ak dlò (pou omwen 20 segond) se pou anpeche pwojaje maladi sa a ak lòt maladi respiratwa yo. Nou ap kontinye ranfòsé mesaj sa a avèk elèv yo ak anplwaye yo chak jou epi apresyè asistans ou nan kòm model nan pataje Pratik enpòtan sa a nan kay la tou.
- *Netwaye Lekòl yo:* Somerville DPW ap fè plis netwayaj nan tout lekòl nou yo ak nan lòt bilding SPS yo, epi konsantre patikilyèman sou zòn yo itilize anpil yo, epi netwaye balistrad yo ak manch pòt yo pandan tout jounen an.
- *“Lave men yo”* Yo pral afiche men ou, nan tout bilding yo nan vil la, lekòl yo, ak lòt bilding yo nan distri yo.
- *Siyalizasyon pou tout lekòl ak lòt bilding yo nan distri a:* Youn nan fason nou ka éd anpeché maladi a gaye pa diminye kantite kontak dirèk ak moun ki montre siy maladi a, tankou touse ouswa etènye. Kòmans pou semèn sa yo, nou pral poste siy nan tout lekòl nou yo mande tout vizitè yo, ki gen iladann paran ak gadyen yo, pou éd nou kenbe pou yo pa pwopaje maladi a lè yo vinn depoze elèv yo ak vinn chèche yo devan pòt yo epi pou yo pa rete

nan antre pòt yo si yo santi nenpòt siy pou maladi a (tankou touse ak etènye). Nou mande tou endividyèl ki vwayaje resanman pou nenpòt nan zòn ki gen high-risk yo ki afiche kòm nivo 3 ouswa nivo 2 pa CDC (<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/travelers/after-travel-precautions.html>), ouswa nenpòt moun ki gen yon ka sispèk avèk COVID-19 pa antre nan bilding nou yo pou jiska aprè yo finn ranple obligasyon pou pwopètè yo pou enpoze peryòd karantèn nan, jan CDC rekòmande yo.

- *Pwotokòl San Enskripsyon:* Nou mande moun ki gen siy kèk maladi yo, tankou touse ouswa etènye, tanpri enskri sou entènèt la ([www.somerville.k12.ma.us/enrollment](http://www.somerville.k12.ma.us/enrollment)). Si ou bezwen sipò pandan pwosesis la tanpri rele Biwo Enskripsyon an (ansyen PIC) nan (617) 625-6600, x6962. Pou minimize risk pou gaye maladi a, a moun yo ki kanpe nan Biwo Enskripsyon an epi yo prezante sentòm kèk maladiy'ap mande yo pou yo mete mask epi pou wè enfimyè a pou evalye kòm premye etap pou pwosesis enskripsyon yo an.
- *Pwomenad:* Nou ap revize avèk prekosyon tout demand pou sòti nan eta a pou nenpòt risk adisyonèl, N'ap travay an kolaborasyon HHS, epi yo te notifiye òganizatè pwomenad yo pou yo anile tout vwayaj yo. Nou rekonèt ke pwomenad yon eksperyans pou aprann ki enpòtan pou elèv yo, sepandan, yo bay enpòtan pou pran prekosyon pou anpeché pwopaje COVID-19 ak risk enkonni yo nan COVID-19, minimize risk pou elèv nou yo ak anplwaye yopral faktè prensipal n'ap deside.

Efò **planifikasyon nou yo** nan dat yo enkli bagay sa yo:

- Gwoup Travay Coronavirus Distri a ak Vil la reyini regilyèman pou devlope pwotokòl yo pou swiv nan ka yon ensidan Coronavirus, ap travay trè prè avèk Sèvis Santé Imen yo pou asire ke yo enfòmè plan yo sou rekòmandasyon santé pou pratike yo.
- Nou patisipe nan telefòn konferans regilyèman avèk Depatman Edikasyon pou Primè ak Segondè, epi yo pral swiv konseye DESE sou potansyèl akademik ak enpak orè nan ka ta gen fèmti lekòl ki nesèsè.
- Nou ap kontate sit deyò ak distri yo ak fanmi yo pou asire ke gen plan anplas pou kontinye sèvis pou elèv yo ki pa nan distri a.
- Nou reyalize ke kèk nan fanmi nou yo konte sou bezwen nesèsè nou yo tankou dejene chak jou ak lunch, epi yo ap prepare plan enprevi nan evènman sa nan yon fèmti lekòl.
- Ekip Direksyon Pedagojik distrik la ap travay sou yo plan akademik si coronavirus la antre nan fèmti yon klas ouswa lekòl la.
- Pwotokòl yo anplas pou netwayaj adisyonèl sis a nesèsè.
- Nou ap kontakte konpayi otobis yo, òganizasyon patènè yo ak lòt pèsònèl ki pa SPS ki travay avèk ouswa sipòte elèv nou yo pou asire yo ke yo gen yon pwotokòl anplas sou COVID-19 la, epi yo mande pou fè nou konnen imedyatman si a nenpòt ki pwen yo ouswa yon moun nan òganizasyon yo ki ap travay lekòl nou yo nan oto-karantèn ouswa dyanostike ak virus la.

No ap kontinye mete w ajou de tan zantan ke nou apran plis epi nou apresye sipòw nan pran tout prekosyon yo rekòmande yo.

Sensèman,

Mary Skipper, Superintendent